


Yon prensip pwodiktivite

Bi



“Nou t a dwe fè plan kote n ap konte sou Bondye pou dirije nou.” Pwovèb 16:9

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Planifye gendwa se yon bi nan limenm, men bi se toudabò estrateji a kout e long tèm ki nan yon plan. Plan se gwo imaj objektif nou yo epi bi a kout tèm yo se tankou pwèn sou wout estrateji yo ki endike kijan pou nou rive la. Toutsan ap fè nan vi nou t a dwe baze sou yon bi. Si nou pa genyen yon bi, alòs nou pa genyen direksyon pou vi nou e nou va tounen yon pati nan plan yon lòt moun. Nou dwe konprann bagay bay pa jis rive konsa. Nou gendwa reve posiblite ansanm ak lavni nou, men anyen p ap fèt si nou pa fè yon plan ak bi chak semenn ak chak mwa sou kijan nou va reyalize yo. Nou dwe toujou travay ak yon ti kaye oswa yon lis ekri bagay nou gen pou nou fè nan semenn nan. Sa va bannou yon vi ak yon lavni ki eksitan paske nou va rive yon kote lè nou fè bagay yo mache. Si nou pa genyen yon plan oswa fikse objektif, nou va jis reponn a sityasyon yo swivan jan yo prezante, sa ki va bannou empresyon lavi pa genyen anyen ladann l, se pwoblèm sèlman.

Rive yon kote nan lavi koumanse ak—

1. Konnen kibò nou ye (konsyans).
2. Konnen kisa nou vle (yon bi).
3. Gen yon plan sou kijan nou va rive la (yon estrateji).

Majorite vi nou gendwa vini sa nou vle li ye si nou genyen yon bie epi kontinye travay sou li. Lè nou planifye aktivite nou epi rive reyalize bi nou te fikse pou tèt nou, nou epwouve yon gran santiman satisfaksyon. Nou vin tounen moun ki reyisi. (achievers). Nou dwe mande tèt nou : Bagay m ap fè semenn sa a, eske se bagay mwen te planifye kòm yon pati nan bi pèsònèl mwen, oswa bagay ki te

planifye nan avantaj yon lòt moun ?

Noutout dwe reponn epi patisipe nan lide ak rèv lòt moun. Men si nou vle reyalize dezi vi nou nou dwe tou genyen lide ak rèv pa nou epi koumanse planifye kijan nou va fè yo vini reyalite. Wi, nou t a dwe genyen bi epi fè plan, men nou dwe konte sou Bondye pou gide nou.

Pou rèv nou tounen reyalite nou bezwen kat (4) bagay:

1. Ekri rèv nou sou papye (klate).
2. Ekri kisa sa va koute (evalyasyon).
3. Ekri bi nou ak estrateji nou (plan).
4. Revize yo regilyèman (fokis).

Genyen yon lwa nan la vi, “nou atire sa atansyon fikse sou li.” Donk toujou genyen yon plim ak papye sou ou pou ekri panse ki ale nan sans bi w epi apre yon ti moman ou va wè yon plan k ap devlope pou reyalize yo. Lè nou ekri rèv ak bi nou, sa fè 2 bagay pou nou : premyèman, nou va dekouvri si nou vreman genyen yon rèv oswa si se sèlman yon lide konsa. Dezyèmman, nou va dekouvri pri rèv la. Jezi te di anvan nou konstwi nou dwe konsidere pri, tankou tan, efò ak lajan. Konstwi rèv toujou koute

kichòy. Pri ak sakrifis ki nesèse pou reyalize rèv la gendwa depase sa nou vle peye. Donk, nou kapab swa vire do bay rèv la oswa ajiste bi nou. Li trèzenpòtan pou nou revize bi nou toutan. Sa ede nou rete konsantre epi devlope yon atitud lespri pou reyisi.

Nou gendwa mete kèk bi nan mitan plan global la, yon fason pou nou mezire pwogrès plan an. San bi rèv nou va sanble li pa reyalizab. Men si nou genyen yon bon plan avèk bi nou mete nan mitan plan an, nou kapab fokis sou bi ki a kout tèm yo pase sou plan 5 oswa 10 zan ki va sanble twò lwen epi san lespwa, sa ki va fè nou pèdi enterè.

Natirèlman, nou dwe toujou mande Bondye pou li beni plan nou. Si yo sanble yo difisil petèt nou t a dwe chanje yo. Si Bondye pa kapab beni plan nou ebyen n ap bati sou sab. E menmsi nou reyalize yo nou p ap kontan lontan.

Prensip sa se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Moun ki pa vize anyen p ap remèt anyen.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete